



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

Enfòmasyon OATH pou Ti Biznis

Poukisa Mwen Dwe Vini Nan OATH? Biznis ou a, yon anplwaye ou, oswa oumenm, resevwa yon "Sitasyon" nan men yon ajans Vil New York (New York City, NYC). Yon "Sitasyon," ki rele tou "kontravansyon," se yon dokiman ki fè yon moun oswa yon biznis konnen gen yon ajans Vil New York ki akize li de vyolasyon yon lwa, règ oswa règleman Vil New York epi ki di pou li, oswa yon reprezantan, vini nan OATH nan yon sèten dat pou reponn akizasyon sa a.

Èske Mwen Oblje Vini Pou Odyans La An Pèsonn? Pou moun ki an kòz la pa bezwen pran tan pou vwayaje, OATH ofri odyans a distans. Ou ka patisipe nan odyans ou a pa telefòn, pa lapòs, oswa sou entènèt. Si ou pa kapab patisipe nan yon odyans a distans, ou te mèt voye yon imèl pou Livehearings@oath.nyc.gov pou mande yon odyans an pèsonn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou pwogramme yon odyans a distans tanpri ale sou: <https://nyc.gov/oath/summonshelp>

Èske Gen Yon Moun Ki Ka Ede Mwen Pou Odyans Mwen An? Si ou pa gen ni avoka ni reprezantan pwofesyonèl peye ki enskri nan OATH, OATH ap ba ou chans pale GRATIS ak yon Kowòdonatè Pwosedi Lajistics nan Sant Èd (Help Center) OATH la, ki ka ba ou enfòmasyon sou zafè lalwa ak resous pou ede ou pare dosye w lan. Moun sa yo ka ba ou enfòmasyon sou pwosesis odyans la, opsyon ki disponib pou ou yo, epi reponn kesyon ou genyen yo. Moun sa yo *pa ka* ba ou konsèy jiridik. Pou pran randevou avèk yon Kowòdonatè Pwosedi Lajistics Sant Èd la, tanpri pale avèk yon reprezantan Sant Èd la nan OATH oswa kontakte Sant Èd OATH la an pèsonn nan nenpòt lokal OATH, depi nan lendi rive nan vandredi, apati de 8è nan maten pou 5è nan apremidi, pa telefòn nan (212) 436-0845, oswa pa imèl nan Smallbizhelp@oath.nyc.gov.

E Si Mwen Pa Pale Anglè Byen? Tout odyans OATH yo ak Sant Èd OATH la gen sèvis entèpretasyon gratis disponib nan nenpòt lang ou ta bezwen.

Ki Opsyon Ki Disponib Pou Mwen? Ou ka admèt akizasyon ki ekri nan sitasyon an epi peye amann yo ba ou a, oswa ou ka gen yon odyans kote ou ka konteste ni akizasyon an ni bagay yo di ki pase yo nan sitasyon an, epi/oswa prezante prèv ak agiman ki gen pou wè ak sitiayson an. Ou petèt gen opsyon pou aksepte yon règleman tou, si ajans NYC ki voye sitasyon an ba ou a ofri ou yon règleman. Finalman, gen sèten vyolasyon ki pèmèt yon penalite redui si ou korije pwoblèm ki ekri nan sitasyon an anvan premye dat ki pwogramme pou odyans ou a. Tanpri kontakte Sant Èd OATH la pou yo eksplike ou opsyon ki disponib pou ou yo.

Atansyon: Penalite a pou sèten vyolasyon se ka lajan pou peye epitou lòt responsabilite anplis w ap genyen.

Si Mwen Se Mèt Biznis La Èske Mwen Bezwén Vini nan Odyans La Mwenmenm? Si yo mete non biznis ou a sou sitasyon an ou gen OPSYON vini nan odyans la epi reprezante biznis la, men ou ka fè aranjman tou pou yon reprezantan vini onon biznis ou a. Reprezantan an ka yon avoka oswa yon pwofesyonèl peye, oswa li ka yon anplwaye, oswa nenpòt moun ou otorize parèt pou biznis ou a. Tanpri bay reprezantan w lan fòmilè sa a – SIYEN AK RANPLI – anvan ou fè li parèt nan OATH: <https://www1.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/Representative-Authorization-Form8716.pdf> – Fòmilè sa a disponib nan plizyè lang sou sit entènèt OATH la tou.

E Si Mwen Gen Lòt Keson Ki Pa Gen Rapò Dirèk Ak Odyans Mwen An? Tanpri kontakte Sant Èd OATH la epi gen yon Kowòdonatè Pwosedi Lajistics nan Sant Èd la k ap ede ou. OATH gen yon relasyon travay solid avèk Depatman Sèvis pou Ti Biznis (Department of Small Business Services, SBS) NYC an epi Kowòdonatè Pwosedi Lajistics nou an ka voye ou al wè ajan espesyalize nan SBS oswa nan resous Vil la ki ka ede ou reponn bezwen presi biznis ou a.

Si ou Bezwén Plis Èd, Tanpri Kontakte Sant Èd OATH la An Pèsonn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8è nan maten pou 5è nan apremidi, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan Smallbizhelp@oath.nyc.gov